

## BAB V PANUTUP

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan modél *picture and picture* dina pangajaran maca aksara Sunda ka siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun modé *picture and picture* diukur ngagunakeun lima aspék paniléyan, nya éta, 1) waktu maca, asup kana katégori “alon pisan” kalawan peunteun rata-rata 1,6; 2) jumlah kecap bener, asup kana katégori “saeutik” nepi ka “saeutik pisan” kalawan peunteun rata-rata 1,7 ; 3) lentong, asup kana katégori “aya kasalahan dina makéna lentong” kalawan peunteun rata-rata 2; 4) artikulasi, asup kana katégori “aya kasalahan tapi teu loba” kalawan peunteun rata-rata 2; jeung 5) volume, asup kana katégori “kurang bedas” kalawan peunteun rata-rata 2,56. Anapon rata-rata peunteun ahir siswa saméméh ngagunakeun modél *picture and picture* nya éta 44, anu hartina kamampuh siswa dina maca aksara Sunda kagolong kurang pisan.

Kamampuh maca aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modé *picture and picture* diukur ngagunakeun aspék anu sarua, nya éta, 1) waktu maca, asup kana katégori “gancang” kalawan peunteun rata-rata 4,4; 2) jumlah kecap bener, asup kana katégori “loba” kalawan peunteun rata-rata 4,36; 3) lentong, asup kana katégori “kurang merenah” nepi ka “euweuh kasalahan” kalawan peunteun rata-rata 3,96; 4) artikulasi, asup kana katégori “euweuh kasalahan” kalawan peunteun rata-rata 4,46; jeung 5) volume, asup kana katégori “bedas sakapeung laun” kalawan peunteun rata-rata 4,3. Anapon rata-rata peunteun ahir siswa sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture* nya éta 86,2. Hartina kamampuh siswa dina maca aksara Sunda kagolong hadé.

Dumasar rata-rata peunteun nalika *pre-test* jeung *post-test* anu diguar di luhur, katitén aya béda anu signifikan dina unggal aspékna. Dina aspék waktu maca, rata-rata *pre-test* 1,6 (alon pisan) ngaronjat jadi 4,4 (gancang) dina rata-rata *post-test*. Dina aspék jumlah kecap bener, rata-rata *pre-test* 1,7 (saeutik pisan) ngaronjat jadi 4,36 (loba) dina rata-rata *post-test*. Anapon dina aspék lentong, rata-rata *pre-test* 2

(aya kasalahan dina makéna lentong) ngaronjat jadi 3,96 (euweuh kasalahan) dina rata-rata *post-test*. Satuluyna dina aspék artikulasi, rata-rata *pre-test* 3 (aya kasalahan tapi teu loba) ngaronjat jadi 4.46 (euweuh kasalahan) dina rata-rata *post-test*. Dina aspék ahir nya éta volume, rata-rata *pre-test* 2,56 (kurang bedas) ngaronjat jadi 4,3 (bedas sakapeung laun) dina rata-rata *post-test*.

Bébédaan hasil antara kamampuh maca aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture*, dibuktikeun ngaliwatan uji normalitas jeng uji hipotésis. Dina uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nilai data *pre-test* Sig. 0,293 > 0,05 jeung nilai *post-test* 0,60 > 0,05. Hartina,  $H_0$  ditarima jeung  $H_1$  ditolak. Lantaran dina uji normalitas némbongkeun data distribusi anu normal, satuluyna digunakeun uji hipotésis kalawan métode *Paired Sample T-test*, hasilna Sig. 0,000 < 0,05. Hartina,  $H_1$  ditarima jeung  $H_0$  ditolak. Ku kituna, aya béda anu signifikan dina kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture*. Cindekna, aya pangaruh anu positif tina modél *picture and picture* kana hasil maca aksara Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung taun ajar 2023/2024.

## 5.2 Implikasi

Digunakeunana modél *picture and picture* dina pangajaran maca aksara Sunda, bisa ngarojong siswa jadi leuwih aktif jeung ngalatih daya inget kana wangun-wangun aksara Sunda. Ieu modél sacara langsung mantuan guru dina ngungkulan pasualan pangajaran maca aksara Sunda. Dina prak-prakanana, siswa leuwih sumanget dina diajar maca aksara Sunda, lantaran diwanohkeun sacara tahapan, ti mimiti wangun aksara vokal, aksara ngalagena, kecap, kumaha cara makéna rarangkén, tuluy maca kalimah dina wangun aksara Sunda. Sakabéh siswa dibéré kasempetan pikeun ngalatih kamampuh maca aksara Sundana di hareup kelas dibarung ku téks tatarucingan. Antukna, prosés pangajaran siswa teu gampang ngarasa bosen. Ieu hal anu ngalantarankeun ayana karonjatan peunteun siswa sanggeus ngagunakeun modél *picture and picture*. Bisa dicindekkeun yén modél *picture and picture* téh méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran maca aksara Sunda.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh maca aksara Sunda ngagunakeun modél *picture and picture*, aya sawatara rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna sangkan bisa leuwih alus sarta leuwih aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar. Rékoméndasina saperti ieu di handap.

- 1) Modél *picture and picture* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca aksara Sunda. Ku kituna, modél *picture and picture* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran aksara Sunda.
- 2) Dina ngagunakeun modél *picture and picture* dina pangajaran maca aksara Sunda, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: 1) kudu bisa ngamangpaatkeun téhnologi digital pikeun nyiptakeun gambar anu leuwih kréatif jeung bisa leuwih ngirut siswa; 2) ngararancang pangajaran kalawan waktu anu loba tur sistematis; 3) kudu bisa nyiptakeun jeung ngajaga kelas anu kondusif, positif, jeung sumanget; 4) kudu bisa ngokolakeun waktu kalawan éféktif.
- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep modél *picture and picture* dina pangajaran maca aksara Sunda atawa pangajaran séjénna bisa leuwih ngabuktikun yén hasil pangajaran maca aksara Sunda leuwih alus kalawan maké modél pangajaran anu inovatif jeung kréatif, hususna modél pangajaran *picture and picture*.